


Bon *Nouvèl*



Journal pou moun ki renmen lang manman yo

42° ane * n° 465 * Oktòb 2009

Pri journal la : 10 goud

Mesak Damas Asasinen madanm li ak senk pitit li.



- 2** Avangou : Byenvini pè Jan Pyè
- 3** Koze mande chèz : Yon ayisyen nan dyaspora asasine madanm li ak 5 pitit.
Nouvèl kout
- 5** Ti refleksyon sou Ayiti:
Lekòl, yon machandiz ...
- 7** Paj fanatik : Yon nonm pa janm mouri
- 8** Ki moun ou ye: Ilrik Pyè Lwi

- 10** Paj pou jèn yo :
 - Plaj piblik louvri ankò
 - Sitiyasyon Ayisyen yo sou zile Tik ak Kayik yo
 - 17 oktòb : jounen mondyal kont lamizè
- 14** Pawòl Bondye : Wòl Lespri Sen an
- 15** Seminè nan Wachintonn
- 16** Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Nan pwen renmen ki pa mande kite. Se konsa lè a rive pou mwen kite plas Dirèk la pou m kapab bay yon lòt konfrè m fè yon kou tou. Mwen pwofite di tout fanatik Bon Nouvèl ak kolaboratè m yo, espesyalman manm ekip Bon Nouvèl la, yon kokenn mèsi pou jan yo te kenbe ak mwen pandan 14 lane, ki pemèt jounal la toujou la, byen vivan.

Mwen kontan pase plas mwen bay pè Jan Pyè Nzemba Wayi ki se dirèk 5 nan pwojè Bon Nouvèl la. Chanjman sa a ap bon pou pwojè a. L ap ponpe yon san tounèf nan venn pwojè a. Pè Jan Pyè se yon pè Esket li ye tou, li manm menm kominote avèk defen pè Joris Kepens ak 3 lòt dirèk ki te deja pase nan tèt Bon Nouvèl la. Pè Jan Pyè se moun ki fèt nan peyi Kongo (Kongo-Kinchasa). Li te rive nan peyi d Ayiti kòm misyonè nan lane 1985. Li sakre pè nan lane 1992. Pè Jan Pyè te travay nan peyi d Ayiti kòm misyonè nan pawas Lavikwa, dyosèz Okap epi nan pawas Ansagalè, sou zile Lagonav. Nan lane 2000 li t ap bay sèvis li nan fòmasyon jèn konfrè ayisyen yo etan Kazo. Men depi premye oktòb li pran mayèt dirèk la. Mwen swete li byenvini epi bon travay nan pwojè a.



*Pè Jan Out
Dirèk 4*

Gwo chèk nan kominote Ayisyèn nan Miyami : yon Manman ak senk pitit asasine



Mesak Damas nan men lapolis

Sous foto: J.J Ogisten

Mesak Damas (Mesac Damas) ki gen 33 rekòt kafe sou tèt li, se yon sitwayen ameriken, pitit ayisyen, lapolis nan peyi Etazini t ap chache, jwenn arestasyon l nan kafou Klèsin nan zòn Laplèn, lendi 21 septanm. Yo te jwenn madanm misye, Gèlin Dye Damas (Guerline Dieu Damas) avèk senk timoun ki gen ant yon lane ak nèf lane mouri. Li te sove kite peyi Etazini pou lajistis pa t jwenn li, kote l t al ateri Pòtoprens. La polis an Ayiti ki te gen enfòmasyon an mete kòd nan Kou l.

Lapolis Peyi d Ayiti fè yon gwo kout filè lè li mete men sou Mesak Damas ki ta non l site nan lanmò madanm li ak senk pitit li te genyen. Se konsa moun ki aprann nouvèl la kalifye aksyon lapolis la. Lapolis nan peyi Etazini te jwenn kadav madanm Gèlin ak tou senk timoun yo lakay yo nan *Nap (Napples) nan Florid* jounen samdi ki te 19 septanm pase a. Dimanch 20 septanm, Mesak Damas te gentan ateri an Ayiti. Nan rechèch lapolis Miyami, yo jwenn machin Mesak te abandone nan Ayewopò Miyami.

Pandan yo t ap kesyonnen l nan Direksyon santral polis jidisyè a (DCPJ), Mesak Damas rekonèt se li ki fè krim nan. Li fè konnen se ta move lespri ki ta pouse l komèt aksyon kriminèl la sou madanm li ak 5 ti lèzanj yo pami yo yon ti bebe 11 mwa. Men prezime asasen an pa bay rezon ki ta pouse l detwi lavi kretyen vivan yo.

Nan lannwit madi 22 septanm lan yo te voye misye nan peyi meriken pou yo ka jije. Se nan ayewopò Touden Louvèti manm Polis nasyonal yo te remèt li bay polisye meriken ki te vini espesyalman pou li. Sou gwo eskòt sekirite yo te anbake l nan yon vòl komèsyal.

Direktè santral polis jidisyè a Frans Tèmilis (Frantz Thermilus), te fè konnen nan yon deklarasyon nan laprès, Mesak Damas te di se li ki komèt krim sila. Li di se yon fòs mistik ki te pouse l fè sa. Frans Tèmilis te rapousiv pou l di te gen anpil diskisyon ak anbasadè meriken pou yo wè ki jan yo pral voye misye ale pi vit nan Florid.

Nan deklarasyon misye fè nan laprès nan peyi d Ayiti an kreyòl, Mesak Damas mande se pèn lanmò pou yo ta ba li anvan menm yo fè antèman sis viktim yo. Pou li menm se sèl Bondye ki kapab jije l, li pa vle ale

8 SEKTANM: Lapolis domiken mete men sou Amaral Diklona nan Repiblik Domikèn. Lafrans ap mande Amaral, Ayiti ap mande l tou. Amaral se te premye sispèk nan lanmò Pòl Anri Moural (Paul Henri Moural) ki te yon konsil fransè nan Okap Ayisyen. Selon lapolis Domikèn, se Lafrans ki te mande pou yo te arete Amaral.

11 SEKTANM: Nan okazyon anivèsè atak teyoris yo, anbasadè ameriken Kenèt Mèten (Kenneth H. Merten) te deklare: N ap sonje ak anpil

lapenn anviwon twa mil ameriken ak etranje ki te peri jou sa a. Pou sonje viktim sa yo prezidan Obama te mande pou tout ameriken te make dat sa a pandan y ap patisipe nan anpil aktivite kominotè. Anbasad ameriken ki nan Pòtoprens te òganize yon aktivite kote tout anlwaye nan anbasad la te bay lakwawouj ayisyen yon kantite san.

16 SEKTANM: Reskonsab sante nan site Endepandans lan prezante yon echantiyon medikaman kont grip A(H1N1). Medikaman sa pral

distibye nan tout peyi a. Selon minis sante a, doktè Alèks Lasen (Alex Larsen) se sèlman 12 moun yo jwenn ki gen jèm maladi a.

15 SEKTANM : Wodòl Pyè (Rodol Pierre) se non nouvo vis prezidan KEP la. Mesye Wodòl te deja ap travay nan KEP la kòm konseye. Anpil reskonsab pati politik t ap fè kòmantè sou chwa sa a.

16 SEKTANM: Lapolis nan Pòdepè arete Chanwàn Jòj (Chanoine Georges) ak anviwon ven mil dola ameriken nan men l. Mesye sa a

Koze mande chèz

devan lajistis lezòm. Li te menm ale pi lwen pou li bay konsèy bay moun ki marye pou yo pa kite fanmi antre nan relasyon yo genyen.

Dosye lanmò a brase bil anpil fanmi an Ayiti ak Etazini. Se tankou yon chòk pou moun ki t ap swiv li. Kamera lemond entye te brake sou vil Napp pou yo ka wè ki jan bagay la ap fini. Gen yon frè Gèlin, Makenndi Dye (Mackendy Dieu) ki te esplike tribilasyon sè li a t ap pase anba men Damas.

Selon sa fanmi viktim yo ki Ozetazini fè konnen, te gen yon avi disparisyon yo te gentan t ap chèche Gèlin Damas paske li pa t prezante nan travay (Florid) li vandredi ki te 18 sektanm lan. Timoun yo tou ki te ale lekòl nan jedi, pa t vini nan vendredi. Fanmi Gèlin ki pa t ka jwenn li sou telefòn, te rele lapolis nan zòn nan. Lè lapolis te rive sou plas yo te jwenn kò manmzèl ak timoun yo nan kay la. Daprè enfòmasyon k ap sikile, Gèlin te gen 32 lane sou tèt li,



senk timoun ki mouri yo
Sous foto: Jounal Le Matin

Michzach premye pitit la 9 lane, Marven 6 lane, Maven 5 lane, Megan 3 lane ak Morgan 11 mwa. Si nou ka kwè chef polis nan kanton an, Collier Kevin Rambosk, "krim sa yo se zak ki pi vyolan ki pwodwi nan kominote a."

Papa Mesak Damas, Jan Damas (Jean Damas Sr), te fè konnen nan yon jounal lokal (*The Naples Daily News*), pitit li te kontakte yon frè li genyen nan peyi d Ayiti. Daprè li menm Mesak Damas avèk madanm li te gen anpil pwoblèm nan lavi y ap

mennen. Prezimen kriminèl la te menm gen pwoblèm ak lajistis peyi Etazini pou sa, paske li te konn bat madanm li. Selon sa achiv la jistis bay, nan lane 2005 yo te di li te inosan pou bagay sa yo. Mesyedam yo t ap viv ansanm depi

10 zan men yo te gen sèlman 2 lane maryaj. Men depi nan lane 2000 Gèlin te konn ap rele lapolis pou vyolans l ap sibi anba men misye.

Moun ki pwòch fanmi an di Gèlin se te yon moun senp, pezig, men ki te konn ap pran anpil kou nan men mari li. Abitan katye kote Gèlin t ap viv la, fè konnen yo pa ka aksepte yon bagay konsa. Nan anpil emisyon ki fèt sou radyo, moun k ap viv Florid di fòk misye peye pou krim li komèt la. ■

Ladenson Fleurival
fleurival15@yahoo.fr

jwenn arestasyon l pandan li t ap pare pou l pran yon ti avyon pou Pòtoprens. Mesye Chanwàn ki pa t anmezi pou l bay esplikasyon sou lajan an ap reflechi nan men lapolis. **18 SEKTANM:** Anbasadè ameriken an , Mesye Kenèt Mètenn (Kenneth H. Merten), ak minis ekonomi ak finans lan, mesye Danyèl Dòsenvil (Daniel Dorsainvil) siyen yon akò pou anile dèt Ayiti te dwe gouvènman ameriken anki anviwon douz pwen sis milyon dola ameriken. Selon akò a Etazini anile douz pwen sis milyon dola ki

reprézante dèt Ayiti dwe Etazini.

Sous:(anbasad Ameriken)

1 OKTÒB : Ansyen prezidan Ameriken an, Bil Klintonn ak yon delegasyon moun ki konn fè biznis vizite peyi d Ayiti. Ansyen prezidan an ki se Emisè espesyal nan peyi d Ayiti pa t vizite Pòtoprens sèlman men Okap tou ki se dezyèm vil peyi a. Anpil moun t ap bat bravo selon yo menm gen espwa pou peyi sa a jwenn eskanp figi l paske jounen jodiya etranje ka vizite peyi a san pwoblèm.

Anbasad Etazini nan peyi d Ayiti fè tout moun konnen depi jedi premye oktòb lajan pou randevou viza touris ap peye an goud (Senk mil twa san swasann onz) (5.371). Ou ka pran randevou pou viza sa a nan nenpòt Sogebank. Anbasad la pwofite fè konnen kòb randevou a ka chanje nenpòt kilè. Depi gen yon chanjman ki fèt sou valè lajan pou randevou a, Anbasad la ap fè ou konnen sou sit entènèt li a ki se: <http://haiti.usembassy.gov>. ■

Sous:(anbasad Ameriken)

Tèks: Wozilya Franswa

Lekòl: yon machandiz...

Toupatou sou latè nou jwenn lekòl se prensipal sous devlopman ak pwogrè, paske lekòl gen pou misyon devlope lespri chak moun k ap viv nan yon sosyete, epi se yon dwa tout moun genyen. Men ki kalite lekòl ki pou reponn ak misyon sa a...

Yonn nan definisyon yo bay mo lekòl se "levasyon yo bay timoun, jèn kou granmoun pou yo ka rive adapte, epi konfòme yo ak sosyete kote y ap viv la" Lekòl gen yon istwa ki long anpil nan mond lan, se pi gwo prèv sivilizasyon ak demokrasi oubyen respè dwa moun ki manifeste depi toujou. Nan tout peyi sou latè se youn nan priyorite Leta. Gwo lajan debloke chak ane nan lide pou founi bon jan levasyon ak timoun k ap grandi pou fè sosyete a avanse, paske lekòl nan fondman li se prensipal sous devlopman ak pwogrè tout sosyete. Nou ka konprann poukisa bidjè anpil nan gran peyi yo plis pase 25%. Sa ki vle di premye demach pou yon peyi devlope toutbon se nan mete chita yon bon baz edikasyon, san prejije, ni fòs kote.

Nan peyi d Ayiti, depi plis pase ventan nou konstate anpil moun fè lekòl pou yo chèche lavi, epi lekòl ki pi bon yo, kontante yo nan fè lajan, vin jwenn Ministè Edikasyon Nasyonal ki pase a kote nan misyon li, bay rezilta yon latriye lekòl k ap bay fòmasyon dwategòch nan nivo primè, segondè ak pwofesyonèl. Lekòl pou tout moun vle di menm jan pwovèb lakay "mezi lajan ou mezi wanga w", konsekans : lekòl

gran nèg, lekòl klas mwayèn, lekòl pou klas pòv; si ou ta konpare pri yo ou ta fè diferans lan byen.

Men kesyon n ap poze : ki kalite moun ki pou fè lekòl? Kibò yon moun ka fè lekòl? Nan ki kondisyon yon moun dwe fè lekòl? Yon seri repons nou pa jwenn okenn kote nan peyi, piske lè nou konnen kalite moun ki louvri lekòl nan peyi sa a, kote yon bann lekòl ap fonksyone, san okenn kondisyon sekirite, ni pedagogik. Ki kalite moun k ap anseye nan lekòl sa yo? Yon kesyon ki parèt byen dwòl, paske "se kondisyon ki bat kòk". Lekòl pa bò isit se yon machandiz, yo fè pou tout moun nan tout nivo.

Sa ki tris kalite ansèyman k ap bay nan yon lekòl isit pa depaman ak komès andetay nan likidasyon, chak jou ki jou ou jwenn ti papye nan lari avèk mansyon espesyal rabè, san frè dantre, ni frè mansyèl mete sou inifòm gratis, founiti gratis; enskripsyon depi mwa sektanm pou rive mwa jen, se yon pwodwi ou jwenn tout lè. Pale zafè koripsyon ou jwenn nan lekòl se yon kesyon sansib, piske ni gwo lekòl, ni ti lekòl tout fè l nan nivo pa yo.

Lè nou gade byen jan lekòl ap mache nan peyi isit nou wè se yon veritab biznis, yon komès lib, san lwa ni prensip pou kontwole l. Chak reskonsab lekòl ap fè kapital yo nan sistèm machòkèt sa a. Konsekans lan byen klè; nou gen yon sosyete depatya, k ap fonksyone alanvè, chak

moun ap chèche sove tèt pa l, zafè lòt moun.

Men ki wòl ministè edikasyon nan tout sa ki gen pou misyon fè pwogram pou yon edikasyon solid, epi veye sou fonksyonman lekòl yo nan peyi a yon fason pou nou avanse. Èske politik lese grennen sa a pa lakòz sosyete a nan eta li ye jodiya? Lè nou wè nan ki kondisyon lekòl ki se pilye devlopman ak pwogrè ye nan plen 21èm syèk sa a. Pandan anpil lòt peyi ap travay pou lekòl vin pi bon, yon fason pou moun ki pase lekòl kapab pi mobil, epi pou yo ka travay nenpòt ki kote, nan bay pi bon randman. Bò isit nou pa menm ka òganize yon egzamen nan bon kondisyon, alewè pou yon lekòl inik avèk menm metòd, menm pwogramm, menm ankadreman pou tout elèv ka bay menm rezilta, nan lekòl prive kou piblik.

Se yon wont pou moun ki gen reskonsablite nan sektè sa, pou jan lekòl ye an Ayiti la jounen jodi. Li klè si nou pa ka rive òganize lekòl jan sa dwe ye peyi a p ap janm soti nan enpas difisil sa li ye jodiya. Fòk gen yon pwogram ki byen defini pou vennsenk (25) a senkant (50) pou edikasyon nasyonal nan lide pou fòme sitwayen konsekan ki ap konstwi, ki p ap detwi sa nou genyen. Pou rive fè chak ayisyen nan tout sektè pran reskonsablite pa l, reskonsab lekòl yo dwe travay pou sosyete a, men pa pou ranpli pòch yo yon fason pou nou ka konstwi yon lòt Ayiti. ■

Wadner Isidor, Pwofesè, jounalis
Wadenri26@yahoo

Palman/chanjman nan konstitisyon Gen nesosite pou pase men nan manman lwa peyi a!

Pou premye fwa apre 22 lane depi l egziste pral gen gwo chanjman k ap fèt nan manman lwa peyi a. Nan Asanble ki fèt nan mwa septanm nan, 48èm lejislati a rekonèt fòk gen chanjman nan Konstitisyon an. Se Palmantè ki pral fòme 49èm lejislati a ki gen otorite pou wete mete ak ranplase kèk atik pou pèmèt konstitisyon an, selon sa ki di, pi byen reponn ak reyalyte pa bò lakay.

Palman ayisyen an rekonèt nesosite pou gen bon jan pase men ki fèt nan Konstitisyon 1987 la. Nan seyans prese prese ki te fèt nan Palman ayisyen an nan dat 14 septanm 2009 la sou dosye amandman, de Chanm yo: Sena a ak Chanm depite a te vote pou chanje kèk atik et wete kèk lòt nan manman lwa peyi a.

Se pifò nan senatè ak depite ki te patisipe nan seyans manch long 14 septanm nan ki pran pozisyon an favè chanjman yo. Sou 82 depite ki te reponn prezan, gen 71 ki vote an favè pase men an. 2 lòt te vote kont ak 8 lòt ki pa t gen pozisyon. Moun ki pa t dakò yo se Jonas Coffy ki soti nan Fanmi Lavalas ak Jean David Génesté (Alyans Demokratik).

Se menm konsta a ki te fèt nan Sena a sou pwopozisyon pase men nan Konstitisyon 1987 la. Sou 22 senatè ki te reponn prezan nan apèl jounen an, gen 21 ki te aksepte

pwopozisyon yo. Aprè anpil pale anpil, sou kesyon an, se yon amandman konsansis ki rive vote.

Palmantè yo te fè yon pase men nan dokiman prezidan Repiblik la te pwopoze anvan yo te pase nan vòt. Kèk nan pwèn yo ap manyen se : nasyonalite, fason yo dwe òganize eleksyon, tan manda prezidan senatè ak depite dwe dire, fason pou mete kanpe konsèy elektoral pèmanan, rapò balanse ant fanm ak gason.

Depite premye sikonskripsyon Pòtoprens lan fè konnen prezidan Preval pa respekte popilasyon an, lè li deside pou gen yon pase men nan manman lwa peyi a san li pa konsilte tout sektè òganize yo. Se menm pwopozisyon sa a depite Okay/Zile Lavach genyen. Nesosite pou pase men nan manman lwa peyi a te dwe fèt nan konsiltasyon ak lòt sektè ki nan sosyete a, dapre depite Jan David Geneste (Jean David Geneste).

Pa t gen okenn deba ki te fèt nan peyi a sou kesyon pase men andedan Konstitisyon an, dapre depite Okay la ki fè konnen listwa ap gen pou jije 71 depite ki vote anfavè deklarasyon pase men sila a. Selon Lalwa, se 49èm Lejislati a k ap gen pou pase men nan Konstitisyon 1987 la, lè yo va reyini nan premye sesyon lejislati yo a.

Anvan seyans vòt yo, plizyè rankont te dewoule nan Palè

Nasyonal kote anpil palmantè te patisipe. Se nan okazyon yon reyinyon sou kesyon an, kèk koreksyon te fèt nan tèks prezidan Preval te bay la an premye.

Sititasyon sa a te lakoz palmantè yo pa t gentan vre pou analize dokiman final la anvan yo te pran desizyon pase l nan vòt. Selon kèk enfòmasyon, se sèlman kèk minit anvan seyans 14 septanm nan, anpil depite te okouran de tèks yo genyen pou yo pase men an. Sa vle di, depite sa yo pa t rive konnen ak lè ki sa ki te ekri nan tèks la, dapre menm enfòmasyon sa yo.

Men, kanmèm, yo te vote deklarasyon pase men an an san grate tèt. Yo ap kòmanse sèvi ak nouvo konstitisyon k ap soti a 7 fevriye 2011, nan dat investiti prezidan k ap soti nan eleksyon k ap fèt nan lane 2010 yo.

Depite Petyonvil la Estivenn Benwa (Steven Benoit) sou bò pa l tou yon pwopozisyon amandman, ki pa t jwenn atansyon palmantè yo. Sa ki pa t fè depite a plezi. Li pwomèt l ap retounen nan 49 èm lejislati a pou l defann pozisyon l.

Pou kounyeya, depite yo pati nan vakans depi 14 septanm 2009. Ta dwe gen eleksyon nan fen ane a pou ranplase yo. ■

Ladenson Fleurival
fleurival15@yahoo.fr

Yon nonm pa janm mouri

Yon nonm ki gen moun nan li e ki pa janm bouke fè jefò pou l mache tèt drèt, ki toujou kwè gen yon bagay lavi rezève demen, ki renmenn wè limyè, e ki anvi viv. Yon moun chak jou ki fè yon pa byen deside paske li konn ki kote li vle rive, ki anvi dekouvri yon lòt zòn, ki pa janm bouke poze lavi kesyon, ki pa kontante l de ti sa li wè jodiya.

Ou ka wè yon jou li fatige tèlman wout la difisil. Li ka di : « **Any ! twòp wout devan m!** » jouk tan li ka menm bliye lavi se yon chemen ak yon bann vire tounen ki mande fòk ou gen pasyans jouk tan, si ou pa janm dekouraje, yon lè ou a soti sou granchimen. Yon lè, li ka menm santi l ap pèdi fòs. Souf li ka vin kout, kout jouk li ka menm santi san nan venn li ap fini tigout, tigout.

Yon lè, pandan l ap chèche konsa pou l jwenn wout lavi kote l kache, li ka lage kò l atè arebò chemen an, pou yon ti tan ap kase tèt li pou l wè atò si li kontre mouche lavi, mande l sa l pote nan djakout li. Ou ka wè nan mitan lannwit, li pa menm gen kouraj pou l fèmen po je li; konsa li ka pase yon nwit blanch ap reflechi ki bon rezon atò ki ka fè l bay tèt li kouraj nan lavi. Lè sa a, li leve, kè l ba, ba, ba... ; epi li ka resi fèmen je l san louvri l ankò.

Men moun konsa pa ka mouri. Non monchè !

Yon nonm pa ka mouri san l pa t viv, jouk tan zetwal li klere, klere,

tankou flann solèy midi, pou fè moun santi gen lavi, san li pa kenbe pawòl li; paske yon moun konsa tèlman fè ou santi lavi mande kouraj, se tout moun k ap tann piti piti, l ap viv, l ap grandi ; jiskaske li rive vin yon gason kanson. E se sa li ye.

Yon moun konsa, kòman pou ou ta vle wè li rete konsa nan yon bat je li mouri? Sa a, non monchè ! Fò l ret vivan, pou l aprann moun kouman gason total dwe fè tout je wè tout sa li pote e ki merite felisite, paske li se yon nonm ki pa konsa konsa.

Lè yon lafimen ap monte, li pa menm konn kote l prale. Li gaye, li gaye jouk li disparèt nan syèl la. Men yon nonm pa ka rete li file, san ou pa wè kisa li kite. Paske li konnen byen fòs ki nan li a, jou li rive rasanble l jou li fè je l byen klè, se pa de mèvèy li ka fè ak sa. Li gen san k ap

koule nan venn li, se gason vanyan li ye, alòs, lè nonm sa a leve kanpe pou li di “ **Ey, jodiya mwen vle wè sa k t ap fè m pè a** ”.

Li mache ak kouraj. E ou wè tou lè l vle fè yon bagay ki itil li ka fè l si l mande Bondye kouraj.

Yon nonm konsa, l ap viv e sa fè ou anvi viv tou. E nonm lan vanyan, se yon zetwal ou wè k ap briye! Sa ba ou fòs pou ou leve kanpe, pou ou di : “ ayayay, “**Jodi pa demen**”, “Mwen p ap lage bay, m ap mare senti m, lapli pa lapli, solèy mèt te cho tankou dife. m ap met san sou po m, fò m pot laviktwa...”. Yon nonm konsa, ou pa ka di li disparèt san li pa kite tras.

Paske, lè ou viv anvan ou mouri, sa fè ou toujou ret vivan. ■

Jean KOQUILLON



**OU GEN YON IJANS
OU BEZWEN YON ANBILANS!!
YON DOKTÈ !!
TEL INFO**

***406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
OU BEZWEN ENFÒMASYON !!
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA
OUBYEN SÈVIS SAA
OU BEZWEN KOUNYEYA ?
TEL INFO**

***406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
PLIS PASE YON ANYÈ**

Ilrik Pyè Lwi: Rèv yon mizisyen modèl ki makonnen ak listwa yon djaz modèl



Sa rive nan dat 2 septanm 2009 la, mayestwo septantriyonal la, Ilrik Pyè Lwi mouri. Lanmò sa a fè anpil bri nan laprès. Chak moun ki te gen chans konnen yon ti moman nan lavi mayestwo a pwofite fè ti kòmantè pa yo yon manyè pou ede pèp ayisyen an dekouvri kilès gwo potorik gason sa a te ye. Piti pipi fè pil, mete chak ti temwayaj youn sou lòt pèmèt rive jwenn yon bon bout nan listwa lavi gwo pyebwa sa a ki tonbe a, soti nan nesans li pou rive jouk nan fondasyon Òkès septantriyonal d Ayiti.

Premye moman nan lavi Ilrik

Ilrik Pyè Lwi fèt yon 22 septanm nan lane 1929 nan Diti ki se katriyèm seksyon kominal

nan lakildinò (l'Acul du nord). Tout non li se Ilrik Elima Solon Pyè Lwi. Papa l te rele Konstan Pyè ak manman l Andrey a Pyè. Yo tout soti nan zòn nò a . Yon lane aprè nesans bebe a Andrey a tounen OKap ak li. Sa pa t pran anpil tan maman Ilrik te mouri senk lane apre. Konsa Ilrik ta pral blije konsole l sou papa l. Papa Ilrik te mete kanson nan tay li pou l te fè ledikasyon ti gason sa a.

Ane pase, ane vini Ilrik al lekòl, aprann jwe gita ak flit. Konstan dekouvri tinonm nan te gen yon don mizisyen ki te kache nan limenm. Konsa li te angaje yon Pastè ki te pote non Sentaman Gabriyèl pou te bay ti gason an leson Gita klasik. Leson sa a te dire 2 lane, soti nan 1939 pou rive 1942 ki se menm ane sa a tou li te rantre nan klas segondè nan lise Filip Gèrye.

Fondasyon Triyo Senfonya a

Se nan menm lise sa a li ta pral fè konesans ak de lòt mizisyen, Jakòb Jèmen (Jacob Germain) ak Jak Monpremye (Jacques Monpremier). Twa mesye sa yo ta pral viv tankou kòkòt ak figawo e se konsa yo te mete soupye yon triyo yo te batize **triyo Symphonia**. Sa te pase nan peryòd 1942 pou rive 1944.

Papa Ilrik vin mouri lè l gen 17 tan, li te gentan nan klas segond.

Se te yon gwo kou pou jèn mizisyen an ki ta pral twouve l nan lavi san manman, san papa. Men Lavi a pa t fini pou jennonm nan, li te dwe jwenn yon mwayen pou l kontinye viv. **Baton ou genyen se ak li ou pare kou**, baton Ilrik se te gita l ak flit li. Konsa, li ta pral bouske lavi ak don mizisyen li a, paske li pa t gen lòt metye.

Yon desepsyon ki mennen yon bon ògèy

Yon 19 mas 1947, djaz Siliyis Anri ki gen ti non jwèt li Youyou t ap frape, mete anbyans epi Ilrik ak gita l nan men l ta bay bèl kout kòd. Lè sa a li te gen 18 tan. Se konsa, yon grandon nan zòn nan vin antre nan bal la. Menm moman an Youyou wè gran pèsonaj la nan bal la li kanpe djaz la pou li salye li paske se yon pratik nan epòk sa a. Kidonk lè yon notab nan yon zòn rive nan yon bal se pou djaz la ba l ochan. Notab sa tou, te gen pou devwa kage sou do fouye men nan pòch li pou li lage yon ti grapday nan men mizisyen yo. Konsa mizisyen nan epòk la te toujou ap tann ti jès sa a lè yo fin mete ochan atè. Men djaz Youyou a potko menm fin bay ochan an notab la chape pou l li pou l pa t bay ti grapday la. Lè Ilrik wè sa, se te tankou yon souflèt li te resevwa. Li te wont anpil, li te reyalize limenm ak kamarad li yo pa t gen valè

Ki moun ou ye ?

nan sosyete a. Eksperyans sa a ta pral leve ògèy jèn mizisyen an pou l travay plis pou fè respekte mizisyen.

Ti dife ant Ilrik ak Mayestwo Youyou

Lè Ilrik te fenk ap parèt kòm mizisyen, yon mayestwo djaz te blije yon moun ki te konn jwe byen enstriman yo rele saksofòn nan. Ilrik te toujou reve pou l vin mayestwo men li pa t konn jwe enstriman sa a. Konsa, li te ap eseye gazouye nan chak moman poz ak saksofòn Jozèf Pyè a, yon lòt saksofonis nan gwoup Youyou a. Mayestwo Youyou ki te toujou ap siveye l, yon jou fè Ilrik malonèt, fè l depoze enstriman an. Twa mesye yo te estomake, yo leve kite djaz la.

Depi lè sa yon lòt paj nan lavi Ilrik Pyè Lwi ta pral louvri. Mesye yo te pwofite aprann jwe yo yon lòt enstriman. Konsa, Ilrik te vin bon saksofonis, ak yon bon chantè. Jak yon bon twonpetis. Nan zanmitay, twa mesye yo mete kanpe yon triyo yo batize **triyo Astorya**, yon triyo ki te lage l nan jwe twoubadou ak grenn siwèl e ki jwenn anpil moun apresye l.

Chemmen fondasyon Òkès Septan Triyonal

Nan ane 1948, Ilrik resevwa yon envitasyon Kote Mayestwo Kwatyò septantriyonal la, Jan Menyo, te mande l pou te vin jwe

saksofòn ak kwatyò a nan yon fèt mètr Fréderik Mayi t ap òganize. Se konsa, Ilrik te aksepte envitasyon an ak kondisyon pou l te vini ansanm ak Jak ak Jèmen. Mesye yo te mete plezi nan bèl mizik yo te jwe.

Menm jou sa a te gen madanm Kazalès Mezonnev Divivye ki nan epòk sa a te reskonsab aktivite fèt chanpèt ki te tonbe pou bèl moso mesye yo t ap mete atè. Bridesoukou, lide pou chwazi mesye sa yo, pou jwe nan fèt chanpèt nan plas gwoup k ap soti Pòtoprens, li te konn toujou envite yo te pase nan tèt li.

Aprè fèt la madanm Kazalès envite mizisyen sa yo. Pou reponn envitasyon sa a mesye yo te rele kèk lòt mizisyen tankou: Bòs Pyè Jak, Rigo Fidèl ak Jan Nelyo, ki te mayestwo yon djaz kapwa ki vin Twopikana jounen jodiya. Yo te rele tou Eli Loba, yon mizisyen Lame d Ayiti. Konsa djaz la te vin konte 10 moun ladan l. 24 ak 25 jiyè nan

ane 1948, mesye yo te jwe de sware nan Limonad. Djaz la te tèlman byen jwe madanm Kazalèn te blije mande yo pou yo te jwe yon dènye sware.

Djaz mesye yo pral pote non Septantriyonal apre Emil Anakreyon ki te moun Pòtoprens, antre Okap, mete kanpe yon radyo ki te pote non Lavwadinò (**la voix du nord**), Radyo sa a te gen kòm animatè vedèt Zo Migèl, nan yon emisyon li Batize djaz mesye yo Djaz Septantriyonal. Yon non ki vle di: " **ki soti nan nò**". Apre kèk ane djaz la vin rele: " **Òkès Septantrional d Ayiti**" ki pran nesans yon madi 27 Jiyè 1948 anviwon 4 trè nan maten. Depi jou sa a Òkès la ap mache san kanpe nan wout e se te Jan Menyo ki t ap asire kòmand li. Rive nan ane 1950, Ilrik Pyè Lwi te vin pran Direksyon Òkès la ak de chapo, Mayestwo epi Prezidan.

**Tèks: Pòl Pitèsonn
Foto Entènèt**

Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras
depi janvye 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl,
ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud

Pri abònman pou 2009

An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane) 100 goud pou chak abònman

51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

Reyamenajman plaj piblik la : yon pwojè ki merite yon gwo bravo

Nan moman chalè ap monte, Misnistè Espò nan tèt kole ak gouvènman an relouvri plaj piblik Kotdèzakaden (Côtes des Arcadins) ki sou wout nasyonal nimewo en an. Li te fèmen depi apre prezidan Aristid te kite peyi a nan dezyèm manda l. Aksyon sila a poze aprè Reskonsab yo te fin lanse yon pwojè reyamenajman plaj piblik la. Pwojè sa a ki leve kontantman nan kè popilasyon an pote anpil chanjman nan kantite moun k ap frekante plaj piblik la jounen jodi. Nan yon rankont avèk Direktris ak reskonsab konminikasyon plaj la nou te rive konnen kòman sa ap mache.



Yon ti listwa plaj piblik la

Plaj piblik ki gen ti non jwèt li plaj Preval, se yon plaj ki konstwi depi avan Prezidan Aristid te kite pouvwa a nan dezyèm manda li. Ale prezidan an te yon okazyon pou piyajè ak vòlè te rantrè kraze brize epi mete men sou tout materyèl enpòtan ki te nan plaj sa a. Sa ta pral lakoz Leta te pran desizyon fèmen plaj la. Men sa pa t rete konsa, nan nouvo manda Prezidan Preval la, gouvènman an

te twouve li nesèsè pou l fè yon pase men nan plaj la epi relouvri li pou pèmèt popilasyon an pran yon souf ak klima chalè a. Se konsa, nan ane 2009 sa a, Ministè a relouvri plaj piblik la pandan travay reyamenajman yo ap kontinye.

Administrasyon ak sekirite plaj la

Administrasyon plaj piblik la genyen twa reskonsab prensipal ladan l ki se yon Direktris, yon reskonsab kominikasyon ak yon kontab. Lolàn Pyè (Lolane Piere) ki se Direktris plaj la depi twa lane fè konnen li pa janm rankontre gwo pwoblèm ak kolaboratè l yo. Pou li menm ekip la ap byen travay malgre yo manke anpil materyèl toujou pou bay plaj la yon pi bèl figi. Toutfw a li konte sou volonte minis espò a ki deside e ki deja kòmanse fè bèl reyamenajman nan plaj la. Pou yon moun antre nan plaj la, l ap bezwen peye 25 goud sèlman pou li menm sèl. Men, moun nan vwazinaj la pa peye, paske yo fè konnen plaj la se plaj zòn nan li ye, se yo menm ankò ki pou ba l sekirite.

Direktris la te pwofite okazyon an pou li site kèk amelyorasyon ki fèt sitou nan mezi sekirite, li fè konnen genyen douz moun ki la k ap siyonnen plaj la pou pote sekou ak moun ki pa konn naje e ki riske nwaye. Douz moun sa yo fasil pou idantifye, yo chak abiye an wouj

ak blan. Anplis mezi sa a, gen yon enfimri tounèf kote yon kliyan ki an danje ka jwenn premye swen sou plas. Pou evite derapaj ak dezagreman sou plaj la genyen twa sekirite.

Reskonsab kominikasyon an ki se Mesye Wodrig (Rodrig), fè konnen fonksyon pa li a gen yon gran enpòtans pou garanti sekirite tout moun ki sou plaj la. «*Depi yon moun gentan travèse bayè rantrè plaj la li sou reskonsablite pa m, se mwen ki pou ba l enfòmasyon sou limit li dwe rive ak tout lòt prekosyon pou li pran pou li pa gen okenn pwoblèm*».

Malgre, mezi sekirite sa yo sa pa t anpeche yon jèn mouri nwaye nan dat 18 me 2009 la. Direktris la fè konnen se paske jèn sa a pa t respekte limit yo te ba li a, li te ale benyen avèk mennaj li nan limit Kaliko, yon plaj vwazen, e se sa ki lakòz li pèdi lavi l. Evènman sa a fè Reskonsab yo mete plis sekirite nan plaj la. ■



Tèks ak foto: Pòl Pitèsonn

Platfòm GARR(Gwoup k ap apiye refije ak rapatriye yo) plede an favè sitiyasyon Ayisyen sou zile Tik ak Kayik yo

Nan espas 2 lane ak kèk mwa, de bato Ayisyen koule sou zile Britanik la ki pote non Tik ak Kayik. Dapre Anketè yo, 98 moun mouri (72 nan mwa me 2007 ak 26 nan mwa Out 2009) ak yon swasantèn moun yo pa rive jwenn. Gadkot yo voye tounen pa bò isit 200 moun ki te gen chans sove nan moman batiman an te koule a. Pou rive Konprann sitiyasyon konpatriyòt nou yo sou zile sa a, GARR t al mennen yon ankèt soti 19 pou rive 24 out 2009 la. Nan yon konferans pou laprès, platfòm nan te bay anpil enfòmasyon sou sitiyasyon difisil konpatriyòt nou yo ap viv epi li te pwofite fè kèk rekòmandasyon bay reskonsab yo.

Yon ti prezantasyon zile a

Zile Tik ak Kayik se ti bout tè ki anba zòd Angletè. Li plase nan oseyan Atlantik la ant Baamas Meridyonal ak kot Nò peyi d Ayiti. Li mezire 430 km2 ak anvwon 33.000 moun k ap viv ladann. Kote politik se Angletè k ap koupe rache.

Sitiyasyon lavi ak pwoblèm Ayisyen pa konnen sou Zile a

Majorite Ayisyen ap viv nan chomaj sou zile a. Travay pa fasil pou jwenn, se plis nan sektè konstriksyon an kèk ayisyen

jwenn yon ti mouvman. Ayisyen ki san papye yo menm blije ap viv nan raje, yo dakò bat seren pou yo pa voye yo tounen lakay yo. Konsa lè gwo trip vle vale ti trip, yo blije bouske yon solobab nan fatra ak rèss manje restoran jete. Tout sa se rezilta moun k ap pran kanntè e ki chape anba kontwòl Leta ki manke pran reskonsablite l.

Sa fè 2 lane depi Ayisyen pa kapab rive jwen papye ki dwe ba yo dwa pou yo travay la. Patwon yo pwofite sitiyasyon sa a pou yo bay ayisyen yo sa yo vle kòm frè travay. Sila yo ki rive jwen pèmi bay anpil lajan pou jwenn li e pafwa patwon yo ki ap fè demand la konn volè lajan sa yo.

Lè yon ayisyen fè demand nan biwo ki reskonsab zafè pèmi travay la, sa konn pran yon pakèt tan avan li resi rive jwenn papye sa a. Polisye imigrasyon Tik ak Kayik yo pa bay chans menm, depi yo jwenn yon Ayisyen san papye yo pimpe l nan peyi l e gen ladan ki resevwa kèk move kou lè y ap fè rebèl. Leta zile a pa rekonèt ti ayisyen ki fèt sou teren an kòm pitit tè a. Malgre yo gen yon batistè ki rekonèt yo fèt sou zile a, yo pa gen dwa ak yon paspò peyi a. Sitiyasyon sa a vin konplike paske timoun sa yo vin gen pwoblèm papye pou ta ba yo dwa ak yon paspò Ayisyen. Gen anpil chans pou ti ayisyen pa al

lekòl paske Leta zile a p ap ede paran yo nan peye lekòl.

Fas ak tout pwoblèm sa yo, platfòm GARR aprè analiz li fè sou sitiyasyon an, mande Leta Ayisyen prese prese pou l pran mezi sa yo :

-Louvri yon konsila Ayisyen sou zile a.

-Louvri yon biwo akèy nan peyi a ki pou resevwa rapatriye yo nan bon kondisyon dwa moun.

-Negosye epi siyen yon akò ak de peyi yo ki pou garanti dwa travayè ayisyen yo sou zile britanik la.

-Mennen bon jan ankèt nan imigrasyon Okap sou moun ki gen yon paspò li resevwa Naso oubyen nan Repiblik Dominikèn.

-Mete sou pye yon komisyon ki gen ladan l reprezantan chak ministè yo, ki va gen pou ekri epi pote devan palman an yon lwa sou trafik moun pandan y ap depoze l pou palman vote yon avan pwojè lwa sou tretman moun yo.

-Ranfòse ak bay polis kadkòt yo plis mwayen pou yo kwape aktivite vwayaj ankachèt kantè yo. Nou rete kwè si Leta ayisyen ta swiv rekòmandasyon sa yo se yon gwo pa pou peyi nou paske Ayisyen k ap viv sou zile Tik ak Kayik yo t ap respire yon souf. ■

Tèks: Pòl Pitèsonn

17 oktòb, Jounen Mondyal pou n desitire lamizè : refize lamizè, yon chemen pou lapè.

«Chanjman nou mande a se pou nou rekonèt toutbonvre diyite pòv yo, pou nou pran panse yo kòm baz tout politik nou yo, pou nou pran esperans yo kòm baz tout aksyon nou yo ». Pawòl Pè Joseph Wrésinski, Fondatè Mouvman ATD Kamond.

Nan tout peyi sou latè, lè ou pa gen anyen, yo pa konsidere ou kòm moun. Ou pa konte pou anyen. Gen yon pil ak yon bann moun k ap fè faskare chak jou Bondye mete ak sitiyasyon ki bay kè tounen tankou grangou, inyorans, vyolans ak tout lòt bagay ki fè moun souffri. Se poutèt sa ATD KAMOND bay tèt li misyon pou l defann diyite moun k ap viv nan kondisyon lamizè. Konsa, Mouvman an gen relasyon ak moun epi Asosyasyon nan 155 peyi. Li rasanble moun tout koulè, ki soti toupatou nan yon seri aksyon pataj konesans.

Mouvman an ap batay pou moun rive jwi dwa yo nan 29 peyi nan 5 kontinan an pami yo Ayiti gras ak prezans Volontè ak Alye k ap mache bradsi bradsou ak fanmi pòv yo ki pa dakò bay legen, men k ap goumen chak jou pou yo menm ak pitit yo pa mouri grangou epitou pou tyovi yo rive jwenn ti moso ledikasyon, sèl espwa pou yon demen miyò.

Nan dat 17 oktòb 1987, yon pakèt defansè dwa moun ak dwa



sitwayen ki soti toupatou nan Lemond te rasanble Sou Plas libète ak Dwa moun, nan Pari, peyi Lafrans.

Yo te bay ochan pou tout viktim grangou, inyorans, ak vyolans. Defansè yo te di ak tout fòs yo lamizè pa yon madichon.

Yo te klewonnen solidarite yo nètalkole ak sila yo k ap lite toupatou nan lemond pou kraze lamizè.

« **Kote fanm ak gason kondane pou yo viv nan lamizè, dwa moun pa respekte. Tètansanm pou sa chanje, se yon devwa sakre** ».

17 oktòb se yon jou pou pale, aksyon se tout lane.

Se ak apèl sa a tout Volontè ATD KAMOND, tout Alye yo, Animatè yo reponn ki fè yo aksepte mache ansanm ak fanmi pòv yo sou tout fas tè a. Se ak apèl sa a ATD KAMOND en Ayiti reponn tou ki fè li angaje nan pwojè manch long :

-Pwomosyon konesans ak lasante ak fanmi yo. Se yon aksyon ki gen 2 pati : nan yon premye tan, se yon inivèsite

popilè kote fanmi yo reyini ansanm ak volontè yo epi alye yo pou yo pale sou divès sijè. Sa wete timidite lakay moun, fè yo brase lide ansanm pou yo ka pa pè pran lapawòl nan

mitan moun. Nan yon dezyèm tan, fanmi yo benefisye yon kat sante, sa ki pèmèt tout fanmi an jwenn la swenyay lè yo malad. Ak pwogram sa a, fanmi yo rale yon gwo souf paske lasante koute chè anpil jounen jodiya, yo gen chans tou pataje konesans ak pwofesyonèl lasante yo epi animatè yo.

-Pre ekòl: Kindègadenn koute tèlman chè, fanmi pòv yo pa gen mwayen pou voye timoun yo ladann. E si timoun nan gen 6 lane san l pa t gentan al lekòl, li oblije rete tann alfabetizasyon. Si li gen chans jwenn yon lekòl ki dakò pran l nan premye ane kanmenm, li gen gwo pwoblèm pou l adapte l. Nan pwogram sa a, pitit fanmi yo jwenn jadinnyè menm jan ak tout timoun pou prepare yo jouktan yo antre nan premye ane fondamantal. Twazan, se laj timoun renmen jwe e se nan jwèt jadinnyè yo bay timoun yo yon baz solid pou yo pran plezi nan sa y ap aprann nan.

-Bebe byen vini: Se yon aksyon ki akeyi timoun ki fenk fèt jiskaske yo gen 3 lane ansanm ak manman yo. Stimilasyon enfantil, fòmasyon sou lasante, prevansyon

Paj jèn yo

ak gerizon maladi, akonpayman ak swivi timoun ki soufri malnitrisyon, se kèk nan anpil aktivite yo fè nan Bebe byen vini.

-Bibliyotèk lari: yo ale ak liv, al rankontre timoun k ap viv nan lari yo. Yo gade liv ansanm ak yo, rakonte yo istwa epi fè yo fè desen ap lòt aktivite kreyasyon, pafwa yo aprann yo ekri.

-Jenès KAMOND: Pou yon jèn patisipe nan yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl, yo toujou egzije l yon nivo etid. Konsa sila yo ki pa t janm gen chans al lekòl oubyen ki te ale sèlman pou yon ti tan tou kout, kondane pou yo toujou rete dèyè. Jenès KAMOND se yon gwoup 25 jèn ki deside aprann li ak ekri epi dekouvri lòt talan yo genyen ak animatè yo.

-Rasanbleman 17 oktòb: Yo rele sa Rasanbleman paske gen ladann moun tout koulè, tout plimaj, Malere, Pòv, Rich, Otorite Lokal, Nasyonal ak Entènasyonal. Se sèl jou moun pòv yo gen lalwa bouch yo pou yo pale anba je Otorite ki la pou deside prezan yo ak demen yo.

Pi pòv yo, pi gwo patnè nan demach pou soti nan lamizè

Ou pòv, se lè ou genyen menm rèv ak tout lòt moun san okenn mwayen pou reyalize yo, se lè yo pa pran w pou anyen epi ou aksepte sa. Se sèl moun ki pi pòv yo ki konn sa yo rele enjistis, mepri dwa moun epi tout soufrans povrete trennen dèyè l. Se pi pòv

yo sèl ki dwe chanje kè ak lespri moun nan fondman ak fonksyònman Demokrasi nou yo.

Mesaj pòv yo pa yon bagay pou nou voye jete tankou sa nou pa bezwen, men se yon bagay nou dwe koute epi bay anpil enpòtans. Se pi pòv yo ki toujou viktim an premye anba kriz grangou, move tan, kriz brase kòb elatriye ki fè moman n ap viv jodiya frajil tankou yon ze. Sa fè yon lane jou pou jou depi tout pwoblèm nou sot site yo te lakòz gwo manifestasyon kont grangou te sakaje anpil peyi sou latè pami yo Ayiti.

Nan peyi d Ayiti, bagay yo te pi mangonmen ankò lè katastwòf natirèl te vin ajoute sou tout lòt pwoblèm ki te deja egziste. Fanmi pi pòv ki rete nan katye defavorize yo pa t patisipe nan leve kanpe kont grangou sa yo. Yo pa ka patisipe fasil nan okenn mobilizasyon epitou yo konnen yo pa gen dwa denonse endiferans sosyete a nan sa ki gen pou wè ak dwa moun. Yo toujou bat pou yo kenbe bon jan relasyon ak tout moun ki ta vle solidè ak yo, yo pito vle bay sèvis epi chèche zanmi. Malgre move sityasyon y ap viv, yo pa janm vle rayi, men yo pito renmen epi pataje konesans yo. Manifestan yo se pa t moun grangou deja toupizi yo, men se moun k ap viv nan povrete e ki wè kouman kriz grangou a rale yo mete nan bouch gouf lamizè ak grangou a. Yo manifeste ak vyolans paske yo pè

pou yo pa vin tounen yon bèl anyen nan je sosyete a.

Pè Joseph Wrésinski, Fondatè Mouvmant ATD KAMOND te deklare : « *Pi pòv yo se kreyatè tout bèl vizyon k ap fè chemen yo nan limanite paske se poutèt te gen enjistis limanite te aprann jistis, poutèt te gen rayisans, li aprann renmen, poutèt te gen zak kraze brize, li te aprann tout moun egalego nan dwa ak nan diyite* ».

Jounen jodiya gen anpil avanse ki fèt nan rechèch patenarya ak pi pòv yo, patisipasyon yo kòmanse aksepte nan lòt espas nan sosyete a. Lè gen kwazman konesans, prezans inivèsitè yo ak lòt sektè tankou laprès ede pi pòv yo mete panse yo deyò.

17 oktòb vin pi bèl okazyon pou nou mezire avanse sa yo, yon tan fò pou chak moun evalye tèt yo epi pou yo di sosyete a kisa sa vle di viv nan lamizè.

17 Oktòb lane sa a ankò, tout moun ki deja mete tèt yo ansanm pou yon mond san mizè pra l rasanble. Tout moun ki vle rejwenn nou nan lit sa a, pòt la louvri pou yo paske « **chak grenn moun ki egziste se yon chans pou limanite** ». ■

Saint Jean LHERISSAINT
E-mail : lsaintjean7@yahoo.fr
Tel.: 35 80 4377

Yon vizit nan Wachintonn



Direktè sèvis kreyòl la Wonal Seza nan mitan jounalis yo

13 sektanm ki te pase a anbasad Ameriken nan Pòtoprens ak Vwadlamerik ki nan Wachintonn te òganize yon seminè pou yon dizèn jounalis ayisyen ki soti nan plizyè medya nan peyi a. Seminè sa a te òganize nan lide pou ranfòse konesans jounalis yo epi fè yo genyen yon lide sou fonksyonman enstitisyon Ameriken yo.

Wonal Seza (Ronald Cesar), direktè sèvis kreyòl la, Jak Janbatis (Jacques Jean-Baptiste), jounalis epi redaktè an chèf nan sèvis kreyòl la, Jan Lyonèl Demarat (Jean Lyonel Desmarattes), jounalis redaktè an chèf nan sèvis kreyòl la, twa gwo pwofesyonèl sa yo te bay tout tan yo pou yo te kapab transmèt tout sa ki nan tèt yo bay jounalis ayisyen yo.

Reskonsab yo pa t rete sèlman nan bay fòmasyon men yo te pèmèt nou vizite kèk enstitisyon tankou : yon Nyouzeyòm (Newseum) kèk

jounalis ki te vle atire atansyon piblik la pi byen sou fonksyonman jounalis yo ak risk ki genyen nan ekzèsis metye a te mete kanpe. Nyouzeyòm, sa vle di yon mize enfòmasyon. Mize sa a retrace plizyè evènman ki make istwa anpil peyi sou latè, tankou miray Bèlen an, yon evènman ki fè sonje istwa Almay Delès ak Almay Delwès nan epòk lagè frèt la. Andedan mize a tou nou te wè foto jounalis ki soti nan 193 peyi ki te mouri nan kad travay yo pami yo pwopriyete radyo Ayiti Entè a, Jan Leyopòl Dominik, ki te mouri anba bal nan mwa avril 2000. Yon mize ki te louvri nan dat 11 avril 2008. Li mezire anviwon 250 mil pye kare epi li genyen anviwon 200 moun k ap travay ladan l.

Nou te gen chans vizite tou Madam Velya De Piwo (Velia De Pirro), direktis biwo nan departman deta Ameriken an ki okipe zafè ki gen rapò ak rejyon Karayib la. Direktris la te deklare: Pandan plizyè ane gouvènman ameriken an

ap fè anpil jefò pou bay lajan an Ayiti nan plizyè domèn Tankou: wout, sante, edikasyon elatriye.

Pandan rankont la nan departman Deta nou te pale ak yon rekonsab nan USAID pou karayib la, mesye Wobè Bonsi (Robert Bonsy) ki te reponn kèk kesyon jounalis yo epi bay kèk detay sou fason ajans la jere asistans Etazini bay Ayiti.

Nou te pale tou ak direktè adjwen biwo a, Timoti Rayann (Timoty Ryan) ki okipe zafè ki gen rapò ak rejyon karayib la. Yon rankont nou pa t regrèt.

Nou te vizite anbasadè ayisyen an ki nan Wachintonn, mesye Remon Josèf (Raymond A. Joseph) ki te pwofite esplike tout bèl travay l ap fè nan Wachintonn pou peyi d Ayiti. Nou te vizite anpil lòt enstitisyon toujou tankou: Inivèsite Trinite (Trinity) elatriye.

Aprè bèl eksperyans sa jounalis yo te an mezi pou yo mete tout sa yo te pran an pratik.



Direktè jeneral Vwadlamerik la ak anbasadè ayisyen an akonpaye kèk jounalis

Edisyon Bon Nouvèl voye yon gwo kout chapo pou anbasad la ak Radyo Vwadlamerik (VOA)

Tèks ak foto: Wozilya Franswa



Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

Lespri Sen an se fòs pou transfòme sosyete a



Zanmi REBA yo Bonjou, n ap prezante nou dezyèm jou nan semenn Bibliik la ki gen pou tèm : **“LESPRI SEN AN SE FOS POU TRANSFOME SOSYETE A”**. Nou espere nou ka travay ak tèm sa yo nan kominote nou yo.

Tèm : **N ap rebati kay la ansanm**

1. Akèy : Animasyon

Ti mo byenveni
Lapriyè pou kòmanse
Nouvèl

2. Bondye pale nan lavi nou

Senbòl : Yon Kay (*Nou ka fe yon kay an katon oubyen trase l ak lakrè oubyen sèvi ak kay kote nou reyini an*).

Kay la se kominote a, kay la se peyi a !

Ki pwovèb kreyòl nou konnen ki pale sou kay ?

- a) Kay koule twonpe solèy li pa twonpe lapli.
- b) Se rat kay k ap manje pay kay.
- c) Ala traka pou lave kay tè.
- d) Tanbou fouye nan raje se nan kay li bat.

Kisa pwovèb sa yo vle di ?

Ki bon kote yo ?

Kijan yo ka ede n rekonstwi kay la ki reprezante kominote nou an, peyi nou an?

3. Bondye pale nan bib la :

Pawòl Bondye : Travay 4,27-37

4 An n kalkile sou pawòl la :

- Kijan 1^e kominote kretyen yo te te viv ant yo
- Ki mesaj nou jwenn pou lavi nou?
- Ki mesaj nou jwenn pou kominote a?
- Ki mesaj nou jwenn pou peyi a ?

REZIME: Kay n ap rebati a se kominote a. Lè ou antre nan pwojè Jezi a, ou antre nan yon kominote.

Konstwi yon kominote se tankou konstwi yon kay, li dwe chita sou yon baz solid. Nan yon kominote nou dwe viv tankou frè ak sè epi pataje sa nou genyen yonn ak lòt. Se menm jan an tou, pou nou rekonstwi peyi nou an nou dwe viv tankou frè ak sè, rekonèt peyi a se pou nou, met men ansanm, met tètansanm nan respè yonn pou lòt, Lesprisen an va ede nou transfòme Ayiti.

5. An n lapriyè sou pawòl la.

Lapriyè kominotè: Chak moun ka fe yon lapriyè pou mande fòs lesprisen an transfòme fanmiy yo, kominote a, peyi a.

- Papa nou ki nan syèl la.
- Yon chan lapè
- Chan final

Lekti Labib pou mwa novanm 2009

**Dimanch premye
Novanm 2009**

Fèt tout zanmi Bondye yo

- 1- Apokalips 7, 2-4.9-14
- 2- 1 Jan 3, 1-3
- 3- Matye 5, 1-12

Lendi 2 Novanm 2009

Fèt tout moun ki mouri

- 1- Izayi 25, 6-9
- 2- Korentyen 15, 51-57
- 3- Jan 6, 51-58

Dimanch 8 Novanm 2009

32^e dimanch senp

- 1- 1 Wa 17, 10-16
- 2- Ebre 9, 24-28
- 3- Mak 12, 38-44

**Dimanch 15 Novanm
2009**

33^e dimanch senp

- 1- Danyèl 12, 1-3
- 2- Ebre 10, 11-18
- 3- Mak 13, 24-32

**Dimanch 22 Novanm
2009**

Fèt Jezi ki Wa

- 1- Danyèl 7, 13-14
- 2- Apokalips 1, 4-8
- 3- Jan 18, 33-37

**Dimanch 29 Novanm
2009**

Ane C, 1^e dimanch lavan

- 1- Jeremi 33, 14-16
- 2- 1 Tesalomik 3, 12-4;2
- 3- Luk 21, 25-36



Blag



Jennyvèyèw pete joure ak mari l ki rele Foblas

- Ou se yon gason ki pa gen okenn lanmou nan kè w, paske ou pa janm rele m, cheri, choupèt, amou.

- Foblas di: Mwen konnen ou rele Jennyvèyèw, si ou vle pou mwen chanje non w, m ap mennen ou nan achiv la ou a chanje non ou.

Serge Rodrigues Wachinnton

solisyon mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	V	E	T	I	V	E		T	A	B
2	A	T	E	R	I		K	A	L	E
3	L	A	M	I	Z	E		K	O	L
4	O		O	G	I	S	T	E	N	
5	P	E	M	E	T		W		J	K
6		K	E		E	P	A	V		R
7	M	O	T	O		A		O	J	E
8	E	N		T	I	F	O	Y	I	D
9	Z	O	N	A		E	N	E	J	I
10	I	M	A	J	I	N	E		E	

Mo Kwaze

Pran agòch ale adwat

1. $8 \times 8 =$
2. Pasaj pou 1 sèl moun chante
3. Tan pou domi – Fi
4. Amizman sikre – Sipò ki kenbe yon konstriksyon
5. Lwa nan vodou a
6. Pa genyen – Avèk
7. Kanari
8. Dokiman – Zouti pou file kouto
9. Ki pa atifisyèl
– Konparezon ki endike sijè a plis pase kompliman

10. $61 \times 5 =$

Pran anwo desann anba

1. $50 \times 3 =$
2. Mo pou di ou dakò – Zwazo nwa
3. Kontra pou asire ou jwenn dedomajman
nan ka aksidan – Pa bonè
4. Fè sizisman – $2 \times 5 =$
5. Aliminyòm – Mal bèf – Ou pa jwenn li fasil
6. Mo pou di ou pa dakò – Kontan, jwaye
– Pati nan kò moun nan fen bra l
7. Zouti pou lave veso – Lectori Salutem
8. Tris, chagren – Ale
9. Volkan an Itali – Enstiti Pedagogik Nasyonal
10. Vyann bèf griye - Ki fè moun ri



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2		■					■		■	
3					■					
4						■				
5		■		■						■
6								■		
7		■		■		■			■	
8			■		■		■			
9								■		
10										

Jan Fanaspò



Bon
Journal
Nouvèl

103, Ri Pave
B.P. 19252
HT-6112
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477
bonnouvel@yahoo.com
Site web:
www.bonnouvel.org

ISSN 1606-660X

Pwojè "Bon Nouvèl"

Sipèvizyon: Komite sipèvizyon
Dirèksyon: Pè Janpyè Nzemba Wayi
Redaksyon: Wozilya Franswa
Dokimantasyon: Wozilya Franswa
Sekretarya ak Pwomosyon: Flerèt Matye
Distribisyon: Jan Deni Tanis - Wilga Belanj
Administrasyon: Wilga Belanj
Antretyen: Yolèn Chal